



YAYASAN KARYA BAKTI CABANG YOGYAKARTA
SEKOLAH MENENGAH PERTAMA
KARITAS NGAGLIK
TERAKREDITASI

Alamat : Nandan, Sariharjo, Ngaglik, Sleman, Yogyakarta (0274) 624813

PENILAIAN TENGAH SEMESTER GANJIL
TAHUN PELAJARAN 2022/2023

Mata pelajaran : BAHASA JAWA
Kelas : VII
Hari/ Tanggal : Senin, 26 September 2022
Waktu : 09.00-10.15

I. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi milih wangsulan jawaban a, b, c utawa d kang kok anggep bener dengan memberi jawaban a,b,c atau d pada kotak yang tersedia !!

1. “Uwis Pak. Lah piye, Bapak apa wis maem?” Benere...
 - a. Sampun Pak. Lah pripun Bapak napa wis dhahar?
 - b. Sampun Pak. Lah piye, Bapak apa wis mangan?
 - c. Sampun Pak. Lah pripun Bapak apa wis dhahar?
 - d. Sampun Pak. Lah pripun Bapak menapa sampun dhahar?
2. Bapak : “Kowe apa wis mangan?”
Ali : “Uwis Pak. Lah piye, Bapak apa wis maem?”
Bapak : “Uwis!”
Basa sing digunakake Ali iku salah, mesthine yen ngomong karo bapak iku gawe basa...
 - a. Ngoko alus
 - b. Ngoko lugu
 - c. Krama alus
 - d. Krama lugu
3. Budhe kesah dhateng Solo, tumbas kain bathik. Ukara kasebut yen diowahi nganggo basa krama sing alus dadi...
 - a. Budhe tindak menyang Solo, mundhut kain bathik.
 - b. Budhe kesah dhateng Solo, mundhut kain bathik.
 - c. Budhe lunga menyang Solo, tumbas kain bathik
 - d. Budhe tindak dhateng Solo, mundhut kain bathik.

4. Bu Hesti saking peken ngasta angsal-angsal. Ukara kasebut yen disalin menyang basa karma lugu dadi...
 - a. Bu Hesti saking pasar ngasta oleh-oleh
 - b. Bu Hesti saking peken mbeta angsal-angsal
 - c. Bu Hesti saka pasar nggawa oleh-oleh
 - d. Bu Hesti saking peken mbeta oleh-oleh
5. Ing ngisor iki tuladhane basa karma alus yaiku...
 - a. Rama boten kersa dhahar amargi gerah wajah
 - b. Dhek wingi aku menang lomba maca guritan
 - c. Dhek mau ibu tindak menyang pasar nitih becak
 - d. Eyangku isih durung bisa kondur saiki jalaran isih tindak pasar
6. Basa karma alus prayogane digunakake tumrap kaya kang kasebut ing ngisor iki, kajaba...
 - a. Bapak / ibu marang anak
 - b. Putu marang eyang / simbahe
 - c. Anak marang bapak / ibune
 - d. Murid marang gurune
7. Basa krama kecampuran krama inggil sing digunakake marang wong luwih tuwa utawa luwih diajeni uga diarani basa...
 - a. Krama Lugu
 - b. Ngoko Alus
 - c. Krama alus
 - d. Ngoko lugu
8. Ing ngisor iki pengangone basa krama lugu, kejaba...
 - a. Ing swasana resmi (upamane lagi macakake rantaman adicara)
 - b. Wong biasa sing durung nate tepung utawa durung akrab
 - c. Kanca raket nanging padha ngajeni
 - d. Wong sing sadrajad nanging padha ngajeni
9. Ibu tindak toko mundhutake sepatune mas Andri. Ngoko lugune yaiku...
 - a. Ibu tindak toko nukokake sepatune mas Andri
 - b. Ibu menyang toko nukokake sepatune mas Andri
 - c. Ibu lungu toko njupukake sepatune mas Andri
 - d. Ibu menyang toko mundhutake sepatune mas Andri
10. Kowe arep lunga menyang ngendi? Ukara kasebut yen disalin ing basa ngoko alus dadi...
 - a. Panjenengan arep tindak menyang ngendi?
 - b. Panjenengan badhe tindak dhateng pundi?
 - c. Sampeyan arep kesah menyang ngendi?
 - d. Sampeyan badhe kesah dhateng pundi?
11. Tembung ing ngisor iki sing dadi tuladhane tembung andhahan, kajaba
 - a. Kokgawa
 - b. Disuwek
 - c. Lungguh
 - d. Dakpangan
12. **Sasmita** tegese
 - a. kekancan
 - b. lambang
 - c. omongan
 - d. seneng

13. Guneman tegese ...
 a. kekancan
 b. lambang
 c. omongan
 d. seneng
14. Pangrasa tegese ...
 a. apa kang dirasakake
 b. ngandhakake
 c. ing saenggon – enggon
 d. urip bebarengan wong akeh
15. sesrawungan tegese
 a. kekancan
 b. lambang
 c. omongan
 d. seneng

Gatekna pacelathon ing ngisor iki kanggo soal no.16 lan 17

Ira : “Ran,sesuk apa sida ulangan basa Jawa?”

Rani : “Sida Ir,apa kowe ora ngerti?”

Ira : “Ora,jalaran aku pertemuan minggu kepungkur ora mlebu sekolah amarga lara.”

Rani : “Yen ngono mengko sore ndhewe sinau bareng bae ya Ir,neng ngomahku.”

Ira : “Ya,kebeneran,aku mengko tak ngajak Sinta.”

Rani : “Ya tak tunggu tekamu,kae bel sakolah wis muni,ayo ndang mlebu kelas.

16. Wacan pacelaton ing ndhuwur migunakake ragam basa....
 a. ngoko lugu
 b. krama lugu
 c. krama alus
 d. krama inggil
17. Sing dirembug ing wacan ndhuwur yaiku bab....
 a. ora mlebu sekolah
 b. ulangan basa Jawa
 c. kegiatan sekolah
 d. pelajaran ing sekolah
18. Tetepung tegese yaiku ...
 a. kenalan
 b. basa krama alus saka tembung takon
 c. ngipuk – ipuk supaya tetep urip
 d. samubarang kang ajeg ditindakake
19. nguri - uri tegese yaiku ...
 a. kenalan
 b. basa krama alus saka tembung takon
 c. ngipuk – ipuk supaya tetep urip
 d. samubarang kang ajeg ditindakake
20. mundhut pirsa tegese yaiku ...
 a. kenalan
 b. basa krama alus saka tembung takon
 c. ngipuk – ipuk supaya tetep urip
 d. samubarang kang ajeg ditindakake
21. pakulinan tegese yaiku ...
 a. kenalan
 b. basa krama alus saka tembung takon
 c. ngipuk – ipuk supaya tetep urip
 d. samubarang kang ajeg ditindakake
22. miwiti tegese yaiku ...
 a. nglekasi
 b. basa krama alus saka tembung takon
 c. manuhake
 d. samubarang kang ajeg ditindakake

Wacan kanggo soal no. 23 lan 24

Saben pengetan dina proklamasi kampungku nganakake maneka warna lomba ,klebu menek pucang. Lomba iki pesertane bebas saka kampung liya uga oleh.Sing mesti lomba iki akeh banget pengikute sebab hadiahe warna-warna lan menarik.Semono uga aku ora ketinggalan melu ngramekake lomba iki.Aku bisa teka puncak nanging iba kagaetku ,bareng aku arep wiwit njupuki hadiah adhiku sing isih pelo bengok-bengok, 'mas uwi anane uwek ' kanti cepet adhikku takjupukke boneka uwek-uwek,nanging adhiku tetep wae ora gelem meneng malah para penonton uga surak-surak rame banget.Aku bombong marga disuraki penonton, saya suwe adhiku omonge tambah seru 'mas uwi lho anane uwek'akhiru aku lagi sadar yen sing dikarepake adhiku kuwi mas clanane suwek'aku isin banget rumangsaku disuraki marga aku bisa teka puncak, nanging jebul marga clanaku suwek Apa tomon?

23. Manut isine crita ing dhuwur kalebu crita kang....
- | | |
|---------------|--------------|
| a. nyenengake | c. lucu |
| b. nganyelake | d. nyedihake |
24. Crita pengalaman ing ndhuwur migunakake ragam basa....
- | | |
|---------------|---------------|
| a. ngoko lugu | c. krama lugu |
| b. ngoko alus | d. krama alus |
25. Sin aku mengko tak dolan omahmu, ya! migunakake basa
- | | |
|---------------|---------------|
| a. ngoko lugu | c. krama lugu |
| b. ngoko alus | d. krama alus |

Wacan kanggo soal no. 26**Kacang Mangsa Ninggala Lanjaran**

Ing jaman biyen ana sawijining Pangulu wadana duwe anak wadon siji kang becik rupane bareng diwasa dipundhut dadi ampile wadana ing kono.Dene wadana mau sadina dina yen wis rampung nggarap gawe,mesti ngabotohan ora eling marang agamane

26. Manut wacan iku watake Waadana yaiku....
- | | |
|----------------------|--------------------|
| a. seneng tetulung | c. seneng ngibadah |
| b. seneng ngabotohan | d. seneng magawe |
- 27.Tegese tembung diaras yaiku ...
- | | |
|-------------|----------------|
| a. diambung | c. sakrampunge |
| b. budhal | d. oleh |
- 28.Tegese tembung bidhal yaiku ...
- | | |
|-------------|----------------|
| a. diambung | c. sakrampunge |
| b. budhal | d. oleh |
- 29.Tegese tembung dhawuh yaiku ...
- | | |
|--------------|------------|
| a. nindakake | c. prentah |
| b. kliwat | d. oleh |

30. **oleh** tembung kramane ...
 a. angsal
 b. kepareng
 c. nembe
 d. kagungan
31. **atur** tembung ngokone ...
 a. ngendika
 b. kepareng
 c. celathu
 d. matur
32. **kulo** tembung ngokone ...
 a. aku
 b. adalem
 c. adhi
 d. agem
33. Tegese tembung aruh - aruh yaiku ...
 a. terus
 b. amarga
 c. ngajak omongan
 d. nunut utawa melu liwat
34. Tegese tembung ndherek langkung yaiku ...
 a. terus
 b. amarga
 c. ngajak omongan
 d. nunut utawa melu liwat
35. Tegese tembung sumeh yaiku ...
 a. sumringah
 b. pawiyatan
 c. ngajak omongan
 d. nunut utawa melu liwat
36. Rambu le mujudake pepeling tumraping pangguna marga bokmenawa ing ngarepe utawa sakiwa tengene ana bebaya yaiku ...
 a. rambu pepenget
 b. rambu pamenging
 c. rambu prentah utawa pakon
 d. rambu pituduh
37. Mujudake rambu – rambu kang nuduhake samubarang bisa panggonan, arah kang dadi tujuwan lan liya-liyane yaiku ...
 a. rambu pepenget
 b. rambu pamenging
 c. rambu prentah utawa pakon
 d. rambu pituduh
38. Rambu le maknane pamenging utawa samubarang kang ora oleh dilakoni dening pangguna marga yaiku ...
 a. rambu pepenget
 b. rambu pamenging
 c. rambu prentah utawa pakon
 d. rambu pituduh

39. Tatakramane nalika mlaku ing dalan yaiku...
- a. gojegan ro dolanan hp
 - b. jejer jejer luwih seka loro
 - c. kanthi ngathi – ati ngawasake kiwa tengen
 - d. bengak - bengok
40. Tatakramane nalika numpak kendaraan yaiku...
- a. manut pranataning lalu lintas kayata rambu – rambu kang ono ing dalan
 - b. kendharaan kurang lengkap, dipretheli
 - c. ora nggawa layang kendharaan kang lengkap kayata SIM lan STNK
 - d. ora nganggo helm lan sabuk pengaman